



# Avi DSHS sou Pratik Konsènan Konfidansyalite pou Enfòmasyon Medikal Kliyan an DSHS Notice of Privacy Practices for Client Medical Information Apati 1ye novanm 2025

DSHS dwe fè w konnen dwa w genyen konsènan konfidansyalite dapre lwa sou HIPAA (Health Insurance Portability and Accountability Act, [Pòtabilite ak Responsabilite Asirans Maladi]). (45 CFR §164.520). DSHS se yon "antite ibrid". Se pa tout pwogram DSHS (Washington State Department of Social and Health Services, [Depatman Sèvis Sosyal ak Sante Eta Washington]) yo ki anba kouvèti lwa HIPAA a. Se sèlman pwogram ki endike kòm [Konpozan Swen Sante \(Health Care Components\) sou sit entènèt DSHS la ki](#) anba kouvèti lwa HIPAA a. Avi sa a aplikab sèlman pou kliyan k ap benefisye pwogram ki kouvri yo. Avi sa a pa afekte elijibilite w pou sèvis DSHS yo.

**Avi sa a dekri kòman enfòmasyon medikal ou yo kapab itilize epi divilge, epi kòman ou kapab jwenn enfòmasyon sa yo. Tanpri revize l avèk atansyon.**

## Kisa PHI vle di?

PHI (Protected Health Information, [Enfòmasyon Medikal Pwoteje]) yo se enfòmasyon medikal kliyan yo, yon seri antite nan DSHS ki anba kouvèti lwa HIPAA konsève. PHI yo se enfòmasyon medikal ou yo ki konsène eta sante w oubyen kondisyon fizik ou, swen sante w ap resevwa oubyen pèman pou swen sante w. DSHS gen obligasyon pou pwoteje PHI ou yo dapre lalwa a.

## Ki enfòmasyon medikal pwoteje DSHS genyen sou mwen?

Pou ede nou sèvi w, ou ka petèt gen pou w ba nou enfòmasyon medikal oubyen enfòmasyon konsènan sante w, tankou lokalizasyon w, enfòmasyon finansyè oubyen dosye medikal. Nou kapab jwenn enfòmasyon medikal pwoteje ou yo tou nan lòt sous nesèsè pou sèvi w oubyen pou peye swen w yo.

## Kiyès ki gen aksè ak PHI mwen yo?

Nou itilize sèlman kantite minimal enfòmasyon medikal pwoteje nesèsè pou akonplisman travay nou an. Nou kapab pataje enfòmasyon medikal pwoteje ou yo ak lòt pwogram oubyen moun si lalwa otorize l oubyen si ou dakò l. Pa egzanp, yo kapab kominike enfòmasyon medikal pwoteje ou yo bay otorite sanità a ak lòt founisè swen sante pou kowòdone epi pran swen medikal ou yo an chaj. Nou kapab pataje enfòmasyon medikal pwoteje nan tan pase, tan aktyèl oubyen fiti.

## Ki enfòmasyon medikal pwoteje DSHS pataje?

Nou pataje PHI yo sèlman ak moun ki gen bezwen pou yo fè travay yo epi nan limit lalwa otorize. Ou kapab mande lis moun DSHS pataje enfòmasyon medikal pwoteje yo pou kèk rezon nan sis dènye ane yo.

## Kilè DSHS pataje PHI yo?

Nou pataje PHI lè "li nesèsè" pou kowòdone sèvis yo epi pou tretman, pèman ak operasyon swen sante yo. Pa egzanp, nou kapab pataje enfòmasyon:

- Ak pwofesyonèl swen sante yo pou bay tretman medikal epi asire jesyon ka yo.
- Avèk pati responsab pèman sèvis sante yo pou òganize pèman an.
- Pou detèmine si ou elijib pou pwogram DSHS yo.
- Pou sipòte aktivite komèsyal nou yo, pa egzanp pou detèmine si swen ou resevwa nan men founisè yo reponn ak nòm legal yo. Aktivite sa yo ka gen ladan yo regwoupman done yo, jesyon risk ak kontwòl.

## Avi DSHS sou Pratik Konsènan Konfidansyalite Enfòmasyon Medikal Kliyan an

Apati 1 ye novanm 2025

Paj 2

### **Kilè DSHS kapab pataje enfòmasyon medikal pwoteje mwen yo san otorizasyon m?**

Anplis divilgasyon pou rezon tretman, pèman ak operasyon swen sante, DSHS kapab pataje enfòmasyon medikal pwoteje ou yo san otorizasyon w pou lòt rezon. Daprè lalwa, nou kapab gen obligasyon oubyen otorizasyon pou pataje PHI ou yo. Men kèk egzanp ki montre nesosite sa a:

- Pataje enfòmasyon medikal ou yo ak yon zanmi oubyen yon manm fanmi w k ap patisipe nan pran swen ou. Ou gen dwa pou w pa dakò pataj sa a. Si w pa dakò, nou pa p divilge enfòmasyon sa yo bay manm nan fanmi w sa a oubyen zanmi sa a.
- Pataje ak otorite sante piblik nan kad aktivite sante piblik tankou prevansyon oubyen kontwòl maladi oubyen blese, oubyen deklarasyon nesans ak lanmò.
- Sinyale ka maltretans oubyen neglijan kont timoun oubyen granmoun oubyen vyolans domestik, bay sèvis pwoteksyon timoun, sèvis pwoteksyon granmoun, lapolis oubyen lòt ajans.
- Bay dokiman dapre yon òdonans jidisyè, yon konvokasyon devan tribinal, yon demann kominikasyon dokiman oubyen tout lòt pwosedi jidisyè, oubyen nan kad pwosedi jidisyè ak administratif.
- Pataje PHI ak ajans kontwòl k ap delivre lisans bay pwofesyonèl sante epi k ap delivre lisans epi enspekte etablisman medikal yo, tankou mezon retrèt ak lopital yo.
- Pataje PHI avèk ajans gouvènmantral federal ak etatik yo pou w ka pran swen tèt ou, si sa nesese pou detèmine si w elijib pou sèvis yo oubyen avantaj yo, oubyen nan mezi lalwa pèmèt li.
- Kominike PHI yo ak responsab legal oubyen paran minè yo.
- Pataje PHI yo pou w kapab prevni oubyen redui yon menas grav epi imedya pou sante oubyen sekirite yon moun oubyen piblik la.
- Pataje kèk PHI ak otorite ki responsab aplikasyon lalwa yo.
- Pataje kèk PHI pou rezon rechèch, nan kad yon pwojè rechèch apwouve, lè vi prive w pwoteje.
- Nan kèk sitiyasyon, si ou se manm fòs lame oubyen veteran, pataje enfòmasyon sa ak otorite militè yo.
- Transmèt PHI yo bay ajans ki responsab Dedomajman aksidan travay yo.
- Itilize oubyen divilge PHI yo nan ka ijans oubyen pou rezon sekou nan ka kote gen katastwòf.
- Apre lanmò w, pataje PHI w yo ak reprezantan pèsonel eritaj ou, yon doktè lejis, yon responsab ponp finèb oubyen yon ajans tansplantasyon ògàn.
- Lè lalwa otorize oubyen egzije sa.

## Avi DSHS sou Pratik Konsènan Konfidansyalite Enfòmasyon Medikal Kliyan an

Apati 1 ye novanm 2025

Paj 3

<b>Dosye Konsènan Tretman Maladi ki Lye ak Itilizasyon Dwòg.</b>	Nou pa p pataje dosye konsènan SUD (Substance Use Disorder [tretman maladi ki lye ak itilizasyon dwòg]) san konsantman w oubyen san otorizasyon alavans règ 42 C.F.R. Part 2 (Part2.). Si nou resevwa dosye Part 2 ou yo nan men yon lòt moun, tankou founisè SUD ou a, nou kapab divilge dosye sa yo si lwa HIPAA a otorize l. Men, nou pa p divilge dosye SUD yo nan kad pwosedi sivil, penal, administratif ak lejislatif ki angaje kont ou, sof si ou bay konsantman w pa mwayen ekri oubyen kòm repons ak yon òdonans tribinal.
<b>Kisa pou m fè si m ta renmen yon lòt moun gen aksè ak enfòmasyon medikal pwoteje mwen yo (PHI)?</b>	<p>Gen yon seri pataj ki pa mansyone nan avi sa a ki nesosite otorizasyon w. Nou pa p itilize PHI ou yo pou rezon maketin ni vann yo san otorizasyon ekri ou. Y ap mande w pou w siyen yon fòmilè otorizasyon k ap pèmèt nou pataje PHI w yo si:</p> <ul style="list-style-type: none"><li>• Nou bezwen otorizasyon w pou nou bay sèvis oubyen swen;</li><li>• Nou bezwen otorizasyon w pou n pataje enfòmasyon sou sikoterapi;</li><li>• Ou ta renmen nou transmèt PHI ou yo bay yon lòt ajans oubyen founisè pou rezon lalwa pa otorize san konsantman w; oubyen</li><li>• Ou ta renmen pou yo transmèt PHI ou yo bay yon lòt moun, tankou avoka w, yon pwòch oubyen lòt reprezantan.</li></ul> <p>Otorizasyon w bay pou yo pataje PHI ou yo valab rive jis nan dat finisman ou te endike nan fòmilè a. Nou kapab pataje PHI ou endike yo. Ou kapab anile oubyen modifye otorizasyon sa a pandan w ap ekri DSHS.</p>
<b>Èske m ka konsilte PHI mwen yo?</b>	Ou kapab konsilte PHI ou yo sou fòm papyè oubyen elektwonik. Si w fè demann lan, w ap jwenn yon kopi PHI w la. DSHS kapab ba w fakti frè rezonab pou kopi yo.
<b>Èske m ka jwenn yon lis divilgasyon konsènan PHI mwen an?</b>	Ou gen dwa pou w jwenn yon rapò, sa vle di yon lis divilgasyon PHI ou yo ki te fèt nan sis dènye ane ki pase yo, sof divilgasyon ki fèt pou rezon tretman, pèman, operasyon oubyen ak otorizasyon w. Si w mande plis pase yon rapò nan yon peryòd 12 mwa, DSHS kapab ba w yon fakti frè rezonab.
<b>Èske m ka modifye PHI m yo?</b>	<p>Si w panse PHI w yo pa bon, ou kapab mande nou, pa mwayen ekri, pou nou modifye yo oubyen ajoute lòt.</p> <p>N ap egzamine demann lan, men nou pa gen obligasyon pou dakò ak li. Ou kapab mande nou tou pou n voye tout modifikasyon bay lòt moun ki genyen kopi PHI ou yo nan men yo.</p>
<b>Èske m ka fikse limit pou pataj PHI m yo epi fason m resevwa yo a?</b>	Ou kapab mande nou, pa mwayen ekri, pou nou limite itilizasyon ak pataj PHI ou yo, men nou pa gen obligasyon pou n aksepte. Ou kapab mande nou tou pou n kominike PHI ou yo nan yon lòt fòm oubyen nan yon lòt adrès.

## Avi DSHS sou Pratik Konsènan Konfidansyalite Enfòmasyon Medikal Kliyan an

Apati 1 ye novanm 2025

Paj 4

### Kisa ki yon vyolasyon?

Yon vyolasyon se itilizasyon oubyen divilgasyon PHI w yo lwa HIPAA pa otorize, tankou pèt pa mwayen vòl, erè oubyen pirataj. N ap enfòme w pa lapòs nan ka kote gen vyolasyon PHI ou yo dapre lwa HIPAA a.

### Èske m ka gen yon kopi deklarasyon konfidansyalite sa a?

Wi. Deklarasyon konfidansyalite se pou ou. Si w te resevwa avi sa a pa mwayen elektwonik, ou kapab mande yon kopi papyè epi n ap ba ou li.

### Kisa k ap pase si pratik konsènan konfidansyalite enfòmasyon medikal pwoteje yo (PHI) modifye?

Nou gen obligasyon pou nou respekte avi sa a. Nou gen dwa pou nou modifye avi sa a. Si lwa oubyen pratik konsènan konfidansyalite yo chanje, n ap mete avi sa a ajou epi n ap voye yon kopi ba ou oubyen kominike w enfòmasyon sou nouvo avi a ak kote w ap jwenn li.

### Kiyès pou m kontakte si m gen kesyon konsènan avi sa a oubyen sou dwa mwen konsènan PHI mwen yo?

Si w genyen kesyon konsènan avi sa a, ou kapab kontakte responsab konfidansyalite DSHS nan [DSHSPrivacyOfficer@dshs.wa.gov](mailto:DSHSPrivacyOfficer@dshs.wa.gov) oubyen (360) 902-8278.

### Kòman pou m sinyale yon vyolasyon dwa mwen parapò ak konfidansyalite enfòmasyon medikal pwoteje (PHI) mwen yo?

Si w estime yo te vyole dwa ou konsènan konfidansyalite PHI ou yo, ou kapab depoze yon plent bò kote:

Responsab Pwoteksyon Vi Prive (DSHS Privacy Officer), Depatman Sèvis Sosyal ak Sante (Department of Social and Health Services), PO Box 45135, Olympia WA 98504-5135 oubyen pa imèl nan [DSHSPrivacyOfficer@dshs.wa.gov](mailto:DSHSPrivacyOfficer@dshs.wa.gov). Si w depoze yon plent, DSHS pa p modifye ni entèwonp sèvis ou yo epi l pa dwe egzèse reprezay kont ou.

### OUBYEN

Soumèt plent ou a an liy nan:

[https://ocrportal.hhs.gov/ocr/cp/complaint\\_frontpage.jsf](https://ocrportal.hhs.gov/ocr/cp/complaint_frontpage.jsf) oubyen pandan w ap voye yon mesaj bay: Office for Civil Rights, US Department of Health and Human Services, 200 Independence Avenue, S.W., Room 509F HHH Bldg., Washington, D.C. 20201, telefòn (800) 368-1019. Tout plent ki adrese nan DHHS dwe depoze nan 180 jou ki vin aprè dat vyolasyon vi prive yo sispèk la.



Avi DSHS sou Pratik Konsènan Konfidansyalite Enfòmasyon Medikal Kliyan an  
Apati 1ye novanm 2025

**Akize Resepsyon  
Acknowledgement**

(Nesesè lè DSHS bay swen sante dirèk)

Non Kliyan	Dat Nesans Kliyan
<b>Mwen te resevwa yon kopi avi konfidansyalite DSHS epi m te gen opòtinite pou poze kesyon sou fason DSHS ap itilize epi pataje enfòmasyon Medikal Pèsonèl mwen yo.</b>	
Siyati Kliyan an oubyen Reprezantan Pèsonèl la	Dat
<b>Sèlman pou Itilizasyon DSHS</b>	
<b>Pou ranpli si <u>w pa rive jwenn siyati kliyan an</u> oubyen reprezantan pèsonèl li a.</b>	
Dekri efò ki deplwaye pou kliyan an bay akize resepsyon pou Avi sou Pratik Konsènan Konfidansyalite (Notice of Privacy Practices, NPP):	
Dekri rezon ki fè nou pa t jwenn akize resepsyon an:	
Non ak Fonksyon Manm Pèsonèl la (Ekri an Lèt Detache)	Administrasyon/Divizyon
Siyati Manm Pèsonèl la	Dat